



Pou Piblikasyon Imedya: 24/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL, GOUVÈNÈ MAURA HEALEY, GOUVÈNÈ NED LAMONT, AK GOUVÈNÈ DAN MCKEE PEN VOYE YON LÈT KONJWEN BAY SEKRETÈ DEPARTMAN ENTERYÈ AMERIKEN AN, DOUG BURGUM, POU MANDE POU YO LEVE IMEDYATMAN LÒD POU KANPE TRAVAY SOU PWOJÈ ENÈJI EWOLYEN BÒ LANMÈ

Lèt la kritike sevèman rezon Administrasyon Trump lan bay yo epi li mande yon seyans enfòmasyon sekre pou egzamine swadizan menas yo

Gouvènè yo pase nan rizib reklamasyon ke pak ewolyèn bò lanmè yo entèfere ak sistèm rada yo apre plizyè ane revizyon

Gouvènè yo avèti aksyon federal la pral nuizib pou ekonomi an ak efò endepandans enèji Etazini yo

[Gade yon kopi lèt la isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul, Gouvènè Maura Healey, Gouvènè Ned Lamont, ak Gouvènè Dan Mckee te voye yon [lèt](#) jodi a bay Sekretè Enteryè Etazini an, Doug Burgum, pou mande pou yo leve imedyatman lòd pou yo sispann travay yo te bay lendi sou senk pwojè enèji ewolyèn bò lanmè ki an konstriksyon, tankou Empire Wind 1 ak Sunrise Wind nan Nouyòk.

Nan lèt la, gouvènè yo mande tou pou yo fè yon reyinyon sekre pou egzamine menas sekirite nasyonal san eksplikasyon yo te itilize pou bay lòd pou yo sispann travay yo.

Lèt la fè remake ke pwojè yo te apwouve apre yo te fin sibi gwo revizyon ak pwosesis federal, tankou pa Depatman Defans Etazini an.

Nan lèt la, Gouvènè yo kritike reklamasyon sekirite nasyonal yo ak swadizan enkyetid konsènan enpak pak ewolyen maren yo genyen sou rada yo kòm pretèks ki kontredi plizyè ane revizyon ak pratik yo etabli yo. Yo akize tou Administrasyon Trump la sèlman ap itilize rasyonalizasyon an kòm yon "eskiz preteks pou jistifye yon rezilta predetèmine ki konsistan avèk opozisyon pèsònèl Prezidan an souvan deklare anvè enèji eolyèn maren an."

Lèt la avèti Burgum tou ke lè li bloke "jigawat enèji pwòp domestik, w ap finalman toufe ekonomi ameriken an epi w ap bay yon avantaj estratejik bay rival etranje k ap konstwi jenerasyon elektrisite osi vit ke yo kapab. Rapò Anyèl 2025 Komisyon Revizyon Ekonomik ak Sekirite Etazini-Lachin nan — ironikman, li te pibliye tou an novanm — te jwenn ke nan ane 2024 sèlman, Lachin te ajoute nouvo kapasite ekivalan a yon tyè nan tout rezo elektrik Etazini an, pandan Etazini ap lite pou satisfè demand enèji k ap monte yo."

"Avèk aksyon irasyonèl ak iregilye sa a, ou pa rezoud yon kriz sekirite nasyonal; w ap kreye yon dezaz sekirite nasyonal ak ekonomik alafwa. Lè w bloke pwodiksyon elektrisite domestik, w ap envite yon pann rezo elektrik, w ap abandone endistri alavni yo, epi w ap menase ekonomi an ak sekirite nasyonal la."

Pwojè Empire Wind 1 ak Sunrise Wind ki an poz yo nan Nouyòk ansanm menase plis pase 2,600 djòb sendika ki byen peye. De pwojè yo ansanm pral pwodui prèske plis pase 1,700 megawat elektrisite, apeprè 10 pousan nan bezwen elektrisite Vil Nouyòk, pou satisfè demann k ap grandi pou enèji.

Ou ka jwenn tout tèks lèt la isit la:

24 desanm 2025

Onorab Doug Burgum,
Sekretè
U.S. Department of Interior
Washington, DC 20240

Chè Sekretè Burgum:

Eta ki siyen anba a resevwa lòd Biwo Jesyon Enèji Oseyan ("Bureau of Ocean Energy Management, BOEM") ki date desanm 2025, ki pretann sispann tout aktivite ki an kou ki gen rapò ak devlopman pwojè enèji ewolyèn bò lanmè sou litoral nou yo, ki baze sou nouvo "enkyetid sekirite nasyonal" ki soti nan yon evalyasyon yo rele "Depatman Lagè."

Eta yo pran sekirite nasyonal la oserye. Pwojè sa yo te deja sibi yon revizyon federal apwofondi, ki gen ladan yon evalyasyon ki te abòde espesyalman konsiderasyon sekirite nasyonal yo. Ni Depatman Enteryè a, BOEM, ni okenn lòt ajans federal, ki gen ladan Depatman Defans lan ("DoD"), pa t enfòmè Eta respektif nou yo sou okenn nouvo risk swadizan anvan sispannyon sa yo, ni yo pa t pran an kont enterè depandans sibstansyèl Eta nou yo—ekonomi Eta nou yo depann de enèji ke pwojè sa yo pral jenere—nan pwojè vital sa yo ki deja sibi anpil apwobasyon federal, ki gen ladan apwobasyon ki soti nan DoD a. Absans avi sa a afebli kapasite nou pou nou planifye yon fason efikas epi li vyole prensip debaz federalis koperativ la. Aparisyon sibi yon nouvo "menas sekirite nasyonal" sanble mwens yon konklizyon lejitim ak rasyonèl sou reyalyte epi plis yon eskiz pretèks pou jistifye yon rezilta predetèmine ki konsistan avèk opozisyon pèsonel Prezidan an souvan deklare anvè enèji ewolyèn bò lanmè a.

Nou rejte pretèks transparan sa a epi nou egzije pou yo retire sispansyon sa yo imedyatman pou twa rezon sa yo:

1. Vrè Sekirite Nasyonal se Sekirite Enèji.

Avèk aksyon irasyonèl ak iregilye sa a, ou pa rezoud yon kriz sekirite nasyonal; w ap kreye yon dezaz sekirite nasyonal ak ekonomik an menm tan. Lè w bloke pwodiksyon elektrisite domestik, w ap envite yon pann rezo elektrik, w ap abandone endistri alavni yo, epi w ap menase ekonomi an ak sekirite nasyonal la.

Kounye a, Etazini nan yon kous pou endistri lavni yo, tankou demenaje fabrikasyon avanse, amelyore baz endistriyèl defans lan, epi mentni dominasyon teknoloji ak enèji Ameriken an. Yo tout konsome anpil enèji. Ou pa ka dirije ekonomi 21è syèk la sou yon rezo 20è syèk. Lè w blokw jigawat enèji pwòp domestik, w ap finalman toufe ekonomi ameriken an epi w ap bay yon avantaj estratejik bay rival etranje k ap konstwi jenerasyon elektrisite osi vit ke yo kapab. Rapò Anyèl 2025 Komisyon Revizyon Ekonomik ak Sekirite Etazini-Lachin nan - ironikman, li te pibliye tou an novanm - te jwenn ke nan ane 2024 sèlman, Lachin te ajoute nouvo kapasite ekivalan a yon tyè nan tout rezo elektrik Etazini an, pandan Etazini ap lite pou satisfè demand enèji k ap monte yo.

Lòd sa yo kontredi dirèkteman objektif "Endepandans Enèjetik" Prezidan an pretann li genyen yo. Lè w bloke plizyè jigawat pwodiksyon elektrisite lokal epi elimine plizyè milye djòb, w ap fòse moun depann sou mache enèji etranje yo ak chèn apwovizyonman volatil yo. Ou pa ka pretann w ap bati yon nasyon endepandan nan domèn enèji pandan w ap aktivman demonte kapasite li genyen pou pwodui elektrisite.

Ekspè endepandan ak ofisyèl Leta yo dokimante ke rejyon nou an ap fè fas ak defi fyabilite ak potansyèl blakawout alavni san kapasite sa a. Yon rezo elektrik ki twò depann sou konbistib fosil se yon sib fasil epi li gen pi gwo depans ke rezidan nou yo ap oblije sipòte. Enèji maren yo deja ap bay rezo nou an elektrisite nou bezwen an a pri ki pi ba. Ou pa ka pretann ou pwoteje nasyon nou an pandan w ap etenn limyè yo volontèman; an reyalyte, Lòd sa yo ogmante enkyetid sou fyabilite atravè Kòt Lès la epi ogmante chans pou gen blakawout kontinyèl epi y ap mete plis chay finansye sou moun k ap peye tarif yo.

2. Ekskiz "Sekrè" yo kontredi syans ak plizyè ane verifikasyon piblik.

Meziadministratif yo, tankou sa ou te pran yo la a, pa ka baze sou rezon ki pa divilge e ki sekre – sitou lè plizyè milye djòb ak pwojè enèji vital an danje. Poutan, lèt ou a fè referans endirèk ak "nouvo enfòmasyon sekre" yo pa divilge konsènan "teknoloji lènmi" kòm rezon ki lakòz chanjman sanzatann sa a. Nou egzije yon reyinyon sekre imedyat pou pèsonèl nou yo ki otorize pou yo ka egzamine swadizan prèv sa yo ak tout enfòmasyon ki gen rapò ak swadizan rezonman sa a.

Li difisil pou kwè ke pwojè vital ak sibstansyèl ki te sibi anpil revizyon ak pwosesis federal, tankou pa DoD a, toudenkou prezante nouvo menas egzistansyèl ak enprevi.

Aksyon iregilye, enprevizib, irasyonèl tankou sa yo pa yon fason pou gouvènè, alewè pou planifye kapasite pwodiksyon enèji pou plizyè deseni alavni.

Se poutèt sa, nan ranknt sa a, nou mande fòmèlman divilgasyon espesifik sa yo:

- Yon deskripsyon klè sou risk espesifik pou sekirite nasyonal ke BOEM ak DoD te detèmine nan swadizan "evalyasyon adisyonèl" novanm 2025 la;
- Tout enfòmasyon, oubyen yon rezime enfòmasyon sa yo, sou enfòmasyon ki gen rapò ak risk sa yo;
- Idantifikasyon konpozan pwojè patikilye yo, si genyen, ki swadizan lakòz risk sa yo;
- Yon atikilasyon sou kijan "evalyasyon" an aplike nan pwojè sa yo lè nou konsidere revizyon detaye anvan yo;
- Yon eksplikasyon poukisa yo pa t kominike risk sa yo bay Nouyòk touswit apre swadizan "dekouvèt" yo an novanm nan.

Ou site yon rapò Depatman Enèji an 2024 pou deklare ke rediksyon rada lakòz "sib rate". Menm rapò sa a ki rele, *Mitigating Wind Turbine Radar Interference (Redui Entèferans Radar Ewolyen)*, konkli ke "solisyon pou ranplase rada yo ak solisyon rada ranplasaj yo amelyore pèfòmans rada ki te bese yo... Rada ranplasaj yo montre mwens bri epi yo bay pi bon rannman... [epi] yo ka sèvi kòm yon solisyon valid pou diminye pwoblèm nan." Si "bri" sa a te yon menas tout bon vre, li ta dwe konsène tou dè milye platfòm petwòl ak lòt enfrastrikti maritim nan dlo kotyè nou yo.

Jan rapò a li menm note a, pou rada konvansyonèl yo, koube Latè a kreye yon orizon rada fizik. W'ap site "bri" ki soti nan objè ke pifò rada ki baze sou tè pa menm ka wè paske tè a won. Pou sistèm rada gwo pòte ki wè pi lwen pase liy lorizon yo, agiman an gen menm defo a tou, jan rapò a montre sa tou. Sistèm sa yo itilize algorit pwosesis siyal ak lòt teknik pou diminye entèferans rada. Anfèt, *Estrateji Federal Entè-ajans pou Redui Entèferans Rada nan Tibin Ewolyèn aktyèl la mande klèman pou "retire entèferans rada kòm yon antrav pou devlopman enèji ewolyèn alavni ... tout pandan y ap prezève vwa ayeryen ameriken yo, sekirite nasyonal la, lavi ak pwopriyete sitwayen yo, ak sistèm rada sansib yo".*

Gouvènman Federal la, ki gen ladan DoD a, te revize tout enfòmasyon pou pwojè enèji ewolyèn yo sa gen plizyè ane. Militè a te gen opòtinite pou l souve enkyetid li yo epi pou l fè objeksyon. Yo pa t fè sa, epi yo te sètifye tou pa te gen okenn menas pou sekirite nasyonal la. Pou di gen yon menas kounye a, apre plizyè milya dola fin investi nan pwojè sa yo epi revizyon yo fin fèt nèt, sa pa gen okenn bon sans ladan l.

3. W'ap kache reta ou a.

Nan dat 8 desanm 2025, Tribinal Distri Etazini pou Distri Massachusetts la te anile tantativ gouvènman federal la pou bloke abitrèman nouvo devlopman enèji ewolyèn bò lanmè a. Tribinal la te rann yon desizyon klè ki di ajans federal yo pa kapab "refize trete aplikasyon yo nèt... pandan y ap tann yon evalyasyon jeneral fin fèt."

Dènnye lòd ou yo ap mete an plas yon reta endefini degize an yon "revizyon sekirite nasyonal". Chanje non dokiman yo anba non "Depatman Lagè" a pa korije defo sa a; sa sèvi sèlman kòm prèv yon move fwa ki baze sou pretèks.

Sa a se yon moman pou lidèchip, pa pou obstriksyon. Yon sekirite nasyonal ak ekonomik tout bon vre pa ka fèt si n ap febli baz endistriyèl nou an oswa si n ap kite rezo elektrik nou an vilnerab pou l kraze nèt. Li mande kouraj pou konstwi.

Nou ankouraje w pou w gade pi lwen pase jwèt biwokratik yo epi rekonèt vrè batay k ap mennen an: kous mondyal la pou endepandans enèji, dominasyon ekonomik, ak pre-eminans sekirite nasyonal. Pa tounen administrasyon ki bay advèsè nou yo lavni an lè yo afebli pwòp pwodiksyon enèji pa nou.

Anile sispansyon sa yo imedyatman. Ann retounen nan travay pou alimante nasyon sa a.

Kòdyalman,

*Kathy Hochul
Gouvènè Nouyòk*

*Maura Healey
Gouvènè Massachusetts*

*Ned Lamont
Gouvènè Connecticut*

*Dan McKee
Gouvènè Rhode Island*

cc:

Onorab Pete Hegseth, Sekretè Depatman Defans Ameriken an

Onorab Marco Rubio, Sekretè, Depatman Deta Ameriken an, Konseye Sekirite Nasyonal pa entèrim

Mesye Alex Meyer, Asistan Adjwen Prezidan an ak Direktè Biwo Zafè Entè-gouvènmantal Mezon Blanch lan

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)